

5

Kesyon pou Poze Tèt Ou lè W ap Chwazi yon Plan

Mache Asirans Sante a ofri diferan tip plan pou reponn a plizyè kalite bezwen ak bidjè. Majorite moun kalifye pou èd finansyè ki rann pri pou asirans sante a abòdab. Konpare plan yo baze sou sa ki enpòtan pou ou, epi chwazi konbinezon pri ak pwoteksyon ki reponn a bezwen w genyen yo. Etan w ap chèche pwoteksyon asirans nan Mache Asirans Sante a, poze tèt ou 5 kesyon sa yo.

1. Èske mwen ka jwenn èd pou m peye pou pwoteksyon asirans nan Mache Asirans lan?

Ou kapab kalifye pou èd finansyè pou diminye sou pri pwoteksyon asirans ou an. Pifò moun ki enskri nan yon plan sante nan [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) kapab jwenn prim plan ki ba pou \$50–\$100 pa mwa avèk èd finansyè. Apre w fin ranpli aplikasyon nan Mache Asirans lan, w ap konnen si w elijib pou èd finansyè pou diminye pri pou prim mansyèl ak swen w yo. Èd finansyè sa a pral sèvi tou pou kouvèti asirans swen dantè pitit ou a, kit li fè pati de plan sante w oswa li se yon plan swen dantè apa.

Chèche konnen plis enfòmasyon sou kijan ou ka jwenn pri ki mwen chè sou Mache Asirans lan nan [HealthCare.gov/lower-costs](https://www.healthcare.gov/lower-costs).

2. Ki benefis plan sante yo kouvri?

Tout plan sante nan Mache Asirans lan ofri menm seri “benefis sante esansyèl yo.” Benefis sa yo kouvri bagay tankou vizit kay doktè, preskripsyon, entènè lopital, gwosès, ak anpil lòt toujou.

Plan sante yo ka ofri lòt benefis, tankou pwogram vizyon, dantè oswa jesyon medikal pou yon maladi oswa yon pwoblèm medikal byen espesifik. Sepandan, benefis espesifik yo ka pa menm nan chak eta. Menm nan menm eta a, ka gen ti diferans ant plan yo. Lè w ap konpare plan yo, w ap wè ki benefis chak plan kouvri.

3. Kijan pou mwen jwenn yon plan ki adapte avèk bidjè mwen e ki satisfè bezwen m yo?

Lè w ap chwazi yon plan, se yon bon ide pou reflechi sou pri total swen sante w la pral koute, e pou pa reflechi sèlman a prim ou peye konpayi asirans ou an chak mwa. Depans ki soti nan pòch ou, tankou kòasirans oswa kopeman, ka gen yon gwo enpak sou depans ou fè ototal pou swen sante w.

Pou chwazi yon plan ki baze sou depans total pou peye pou swen w, se pou w estime ki kantite swen ou pral gen tandans resevwa pou ane k ap vini an. Lè w ap konpare plan yo nan Mache Asirans lan, ou ka chwazi kantite fwa ou antisipe chak manm nan fanmi w pral gen bezwen pou swen medikal, kòm swa yon ti kantite fwa, yon kantite fwa mwayen, oswa anpil fwa. Lè w ap gade plan yo, ou pral wè yon estimasyon pou pri total ou yo—ikonpri prim mansyèl ak tout depans ki soti nan pòch ou—baze sou kantite fwa ou antisipe tout moun nan kay la pral bezwen swen sante.

Yo klase plan sou mache asirans lan nan 5 kategori: Bwonz (Bronze), Ajan (Silver), Ò (Gold), Platin (Platinum) ak Katastwofik (Catastrophic). **Kategori sa yo baze sou fason oumenm ak plan sante a pataje depans total pou swen w yo.**

Jeneralman, kategori plan ki gen prim pi elve yo (Ò ak Platin) peye plis pou depans total pou swen w yo. Kategori ki gen prim pi ba yo (Bwonz ak Ajan) peye mwens pou depans total ou yo. Gade nan eksepsyon sou plan kategori Ajan (Silver) yo ki pi ba a.

Note: Plan katastwofik yo disponib sèlman pou moun ki gen mwens ke 30 an daj oswa pou moun ki gen yon egzansyon poutèt difikilte. Pou gen plis enfòmasyon sou egzansyon poutèt difikilte, ale sou Entènèt la nan [HealthCare.gov/fees-exemptions/hardship-exemptions](https://www.healthcare.gov/fees-exemptions/hardship-exemptions).

Men kijan pou jwenn yon kategori plan ki bon pou ou:

- **Si ou antisipe anpil vizit kay doktè oswa si ou bezwen preskripsyon regilyèman:** ou ka bezwen yon plan Ò (Gold) oswa Platin (Platinum). Jeneralman plan sa yo gen prim mansyèl ki pi wo men yo peye plis pou depans ou yo lè ou bezwen swen.
- **Si ou antisipe itilize sèvis medikal regilye e ou pa bezwen preskripsyon regilyèman:** ou ka pito genyen yon plan Ajan (Silver), Bwonz (Bronze) oswa Katastwofik (Catastrophic). Plan sa yo koute w mwens pa mwa, men yo peye mwens pou depans ou yo lè ou bezwen swen.
- **Si ou kalifye pou ekonomi ekstra sou depans ki soti nan pòch ou yo:** plan ki kapab pi bon pou ou a se Ajan (Silver) an. Si ou kalifye pou yon “**rediksyon nan pataj depans frè**” baze sou revni w, ou ka gen yon dediktib ki pi ba epi peye mwens pou depans ki soti nan pòch ou (ikonpri **kopeman** ak **kòasirans**) lè ou resevwa swen—men sèlman si ou enskri nan yon plan Ajan (Silver).

4. Kijan pwoteksyon pou swen dantè fonksyone sou Mache Asirans lan?

Aprè ou fin konplete aplikasyon nan Mache Asirans lan e ou gen rezilta w yo, lè sa a ou ka gade plan sante ki ofri pwoteksyon pou swen dantè tou. Se sèten plan sante ki ofri pwoteksyon pou swen dantè, men pa pou tout. Si ou deside ou vle pwoteksyon pou swen dantè epi plan w lan pa ofri l, ou ka enskri nan yon plan dantè separe e endepandan menm lè ou enskri nan yon plan sante. Gen sèten plan dantè ki kouvri sèlman timoun e gen de lòt ki kouvri fanmi. Se pou w analize detay plan yo pou asire ke benefis ou vle yo enkli nan plan an.

Pwoteksyon pou swen dantè pou timoun nan Mache Asirans lan se yon benefis sante ki esansyèl. Sa vle di ke si pitit ou gen 18 an daj oswa li pi jenn, pwoteksyon pou swen dantè fèt pou l disponib antanke yon pati nan plan sante a oswa antanke yon plan dantè endepandan.

Yo klase plan dantè sou mache asirans lan nan 2 kategori: Ba ak Wo. Kategori sa yo baze sou fason oumenm ak plan an nou pataje depans total pou swen dantè yo pou timoun (kategori yo aplike sèlman pou benefis sante esansyèl pou pwoteksyon swen dantè timoun nan). Kategori plan dantè ou chwazi a afekte montan total ou gen chans pou w depanse sot nan pòch ou pou swen dantè pitit ou pandan ane a.

5. Èske plan an ap kouvri doktè mwen ak medikaman sou preskripsyon?

Anvan ou konpare plan yo sou Mache Asirans lan, ou pral gen opsyon pou antre enfòmasyon sou doktè w yo, sou etablisman medikal yo, ak sou medikaman sou preskripsyon yo. Lè ou gade plan yo, ou pral wè si doktè yo, etablisman medikal yo, ak medikaman sou preskripsyon ke ou antre yo kouvri anba chak plan.

Èske ou gen kesyon? Gen èd ki disponib.

- Ale sou Entènèt la nan [HealthCare.gov/choose-a-plan](https://www.healthcare.gov/choose-a-plan) pou plis enfòmasyon.
- Jwenn yon moun nan zòn kote w ye a pou ede w, lè w ale nan [Localhelp.HealthCare.gov](https://www.localhelp.healthcare.gov).
- Kontakte Sant Apèl pou Mache Asirans Sante a nan **1-800-318-2596**. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-855-889-4325.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Marketplace la nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. E w gen dwa tou pou w soumèt yon plent si w santi ou vikim diskriminasyon. Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html), oswa rele Sant Apèl Mache Asirans lan nan 1-800-318-2596 pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-855-889-4325.

Se Depatman Sante ak Sèvis Imen ki peye pou li.

